दिन–शुक्रवार दिनांक–11.09.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि अछि जे दिल्ली मे आयोजित ब्रिक्स समिटक वेलकम किट मे बिहारक मखान आओर सतुआ के शामिल कयल गेल अछि जे बिहारक स्वाद, परंपरा आओर उद्यमिताक पहिचान अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री चौधरी एहि लेल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक प्रति आभार जतबैत जनौलनि जे **लोकल टु ग्लोबल** संकल्पक माध्यम सँ बिहारक स्थानिय उत्पाद के वैश्विक पहिचान भेटि रहल अछि। श्री चौधरी जनौलनि जे बिहारक नव पहिचानक रूप मे एहि ठामक स्वाद आब दुनियाक सोझा पहुंचि रहल अछि।

---

हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा सेक्यूलर दिस सँ आइ पश्चिम चंपारण जिलाक नरकटियागंज मे गरीब चौपाल यात्रा आयोजित कयल गेल। पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष आओर मंत्री संतोष कुमार सुमन जनौलनि जे ई यात्रा मे गरीब सभक समस्या सुनि कऽ समाधानक प्रयास कयल जा रहल अछि। ओ जनौलनि जे बिहार मे शराबबंदी लागू अछि आओर आगू सेहो जारी रहत। आरक्षणक मुद्दा पर ओ जनौलनि जे हुनक पार्टी कखनहुँ आरक्षण समाप्त करबाक गप नहि कहने अछि।

---

राजस्व आओर भूमि सुधार मंत्री दिलीप जायसवाल जनौलनि अछि बीस नवंबर कऽ सम्राट चौधरी सरकारक एक बरख पूरा भेला पर तीस हजार भूमिहिन परिवार सभ के बासगीत पर्चा देल जायत। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ ई जनतब देलनि। ध्यातव्य अछि जे स्वतंत्रता दिवसक मौका पर सेहो तीस हजार भूमिहिन परिवार सभ के बासगीत पर्चा देल गेल छल।

---

उद्योग मंत्री श्रेयसी सिंह जनौलनि अछि जे दुबई मे आयोजित वार्षिक निवेश सम्मेलन मे निवेशक संभावना पर निक गपशप भेल अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे संयुक्त अरब अमिरात मे भेल चर्चा सँ राज्य मे निवेश आओर आद्योगिक विकास के लऽकऽ नव उम्मीद जागल अछि।

———————————————————

पटना उच्च न्यायालय सहित प्रदेशक सभ आदालत मे काल्हि राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कयल जायत। एहि लेल सभ जिला आओर अनुमंडल न्यायालय मे विशेष पीठक गठन कयल गेल अछि। लोक अदालत मे आपसी समझौताक आधार पर कतेको दिवानी आओर किछु फौजदारी मामिलाक निपटारा कयल जायत। ट्रैफिक चालन सँ जुड़ल मामिलाक सेहो निष्पादन होयत। परिवहन मंत्री दामोदर रावत वाहन मालिक सभ सँ लंबित चालनक निष्पादन लेल लोक अदालत जयबाक लेल जनौलनि अछि।

———————————————————

राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत सैयद अता हसनैन आइ मुजफ्फरपुरक बाबा साहेब भीमराम अंबेदरक विश्वविद्यालय मे स्वामी विवेकानंद पार्क, नव बनल आईटी सेल आओर विश्वविद्यालयक दक्षिण भाग पर भव्य द्वारक उद्‌घाटन कयलनि। ओ स्वामी विवेकानंदक तांबाक प्रतिमाक सेहो लोकार्पण कयलनि। बाद मे राज्यपाल शिक्षक आओर विद्यार्थी सभक संग संवाद कयलनि।

———————————————————

प्रदेश मे सत्रह सितंबर सँ सत्रह अक्टूबर धरि सेवा संकल्प अभियान चलाओल जायत। एहि के लऽकऽ मुख्य सचिव प्रत्यय अमृतक अध्यक्षता मे उच्च स्तरीय समीक्षा बैसक भेल। बैसार मे कतेको विभाग प्रधान सचिव आओर सचिव सभ छलाह। संगहि, सभ जिलाक जिलाधिकारी वीडिया कॉफ्रेंसक माध्यम सँ जुड़ल रहथि।

———————————————————

प्रदेश मे कतेको नदिक जलस्तर मे कमि भेलाक बादो बाढ़िक क्षेत्र बढ़ैत जा रहल अछि। आपदा प्रबंधन विभागक अनुसार राज्यक पंद्रह जिलाक अठासी प्रखंड मे सैंतालीस लाख लोक सभ बाढ़ सँ तबाह छथि। एहि सभ ठाम एक हजार एक सय चौरानवे सामुदायिक भनसाघर आओर पंद्रह राहत शिविर चलाओल जा रहल अछि। लोक सभक आवाजाही लेल एक हजार नओ सय बाईस नावक परिचालन कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

जल संसाधन विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार गंगा, गंडक, बुढ़ि गंडक, कोसी, पुनपुन, बागमती आओर घाघरा सहित कतेको नदि बेसी ठाम अखनहुँ लाल निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। बेसी ठाम जलस्तर घटि रहल अछि। कोसी नदिक जलस्तर कुर्सेला मे एक दशमलव चारि नओ मीटर ऊपर बनल अछि। गंगा नदी भागलपुरक कहलगांव मे लाल निशान सँ एक दशमलव छओ मीटर ऊपर बहि रहल अछि। बुढ़ि गंडक नदी खगड़िया मे लाल निशान सँ एक दशमव सात—आठ मीटर ऊपर अछि।

———————————————————————

विशेष निगरानी इकाईयक टीम आइ लघु जलसंसाधन विभागक छपरा अंचलक अधीक्षण अभियांता राजेन्द्र कुमारक पटना आओर छपरा सहित पांच ठेकान पर छापा मारलक आमदनी सँ बेसी संपत्ति मामिला मे ई कार्रवाई कयल गेल अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता सँ बरखा भऽ रहल अछि। पछिला चौबीस घंटाक बिच राज्य दक्षिणी क्षेत्र मे किछु ठाम भारी बरखा भेल अछि। औरंगाबादक ओबरा मे सभ सँ बेसी एक सय तैईस दशमलव चारि मिलीमीटर बरखा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे आइ औरंगाबाद आओर गया जिला मे भारी बारिश भऽ सकैत अछि। संगहि, राज्यक आनो—आन क्षेत्र मे सेहो बारिश भऽ सकैत अछि। एहि बिच किछु ठाम मेघ ढनढनेबाक संग—संग ठनका सेहो खसि सकैत अछि।

———————————————————————

समाप्त